



Akouchman Apre Sezaryèn

KOMPLIMAN POU GWOSÈS OU!

Ti liv sa a se pou fanm ki ansent, men ki te gen yon Sezaryèn nan yon gwosès anvan.

Kòm dènye akouchman-w lan te fèt ak Sezaryèn, kounye-a ou gen dwa chwazi kijan ou ta renmen akouche fwasi sa a. Gen kèk fanm ki fè plan pou yo gen yon lòt Sezaryèn (sa rele planifye repetisyon ak akouchman Sezaryèn), oubyen gen lòt moun ki fè plan pou yo gen ti bebe yo pa vajen (sa rele yon akouchman pa vajen apre sezaryèn oswa APVAS).

Fè chwa sou ki jan tibebe w la ap fèt se yon bagay chak fanm dwe deside poukont li. Li ka pran tan pou konprann ki sa-w vle, kisa fanmi an bezwen, epi tou benefis ak risk ki gen nan chak chwa yo. Si w gen nenpòt kesyon sou nenpòt bagay nan fèy sa a, pale ak enfimyè pratikan-w lan, doktè, oswa fanmsaj sètifye-w la.



An jeneral

- Yon APVAS ki reyisi (sa vle di ou fè pitit ou pa vajen) (kouch nòmal) gen mwens risk pou manman ak tibebe-a
- Yon APVAS planifye ki pa reyisi (sa vle di ou eseye fè pitit ou pa vajen, men ou pa reyisi) gen plis risk
- Si-w deside repete Sezaryèn nan (sa vle di ou planifye pou fè Sezaryèn) risk la nan mitan

Pou anpil fanm, APVAS se yon chwa ki san danje epi la bay yon chans yo pou yo gen yon tibebe yo pa vajen. Nan lopital “Boston Medical Center,” 70 pousan fanm ki chwazi fè APVAS reyisi. Pousantaj APVAS nou an nan “BMC” se youn nan pi wo ki genyen nan zòn nou an!

Poukisa Fanm Planifye yon APVAS

- Pou evite fè gwo operasyon nan vant ak risk ki konn genyen nan operasyon
- Pou yo ka refè pi vit epi pou tan key o fè lopital la pi kout
- Pou gen mwens chans gen pwoblèm nan pwochen gwosès oubyen sou jan mètvant-la (plasanta a) tache
- Pou gen mwens chans pou fè infeksyon, san ki fè boul, oswa lafyèv apre akouchman
- Pou pèmèt manman-an kenbe tibebe-l epi kòmanse bay tete pi bonè
- Pou redwi risk, pwoblèm respirasyon tibebe-a lè-l fèk fèt
- Pou ogmante chans pou akouche vajinal(kouch nòmal) nan yon lòt gwosès

Poukisa Fanm yo Chwazi fè Sezaryèn

- Pou yo ka planifye davans dat ak lè akouchman-an
- Pou yo konnen kisa yo dwe atann yo de operasyon an
- Paske-l te gen yon move eksperyans nan yon gwosès anvan le yo tap eseye akouche vajinal (kouch nòmal) epi li pè pou menm eksperyans lan pa rive ak akouchman sa-a
- Pou evite tranche ak risk ki asosye ak akouchman vajinal (kouch nòmal) apre Sezaryèn
- Pou evite tranche epi si li pa reyisi pou yo oblije fè Sezaryèn la kan menm

Garanti sipò-w ak Sekirite-w, Kèlkeswa sa ou chwazi

- Ekip ki kalifye anpil nan enfimyè yo, fanmsaj sètifye yo, ak doktè yo travay ansanm pou asire sekirite-w ak tibebe-w
- Doktè chiriji ak anestezi yo toujou disponib nan lopital la pou fè yon Sezaryèn yon lòt fwa anko si sa nesèsè
- Tout Rekòmandasyon nou sou swen-w pandan gwosès ak akouchman-w yo baze sou pi bon rechèch ki disponib
- Yon asistan famsaj ap la pou baw sipò lè-w gen tranche, si ou mande pou gen youn lè w-al nan randevou doktè-w pou gwosès la
- Gen klas sou edikasyon akouchman ki disponib nan lopital la plisyè fwa nan yon mwa



Kilè APVAS gen plis chans pou li reyisi?

- Ou te fè ou akouchman vajinal (kouch nòm) déjà
- Tranche-w komanse poukont li
- Ou gen bon tranche (sa vle di ou gen gwo doulè tranche epi tou kòl matris ou ouvè) lè-w vinn lopital-la
- Ou vrèman vle akouche vajinal (kouch nòm)
- Ou pat fè plis pase de Sezaryèn
- Ou gen mwens ke 40 semèn ansent
- Nou ka sispèk ke pwa tibebe-w la ka mwens ke 4,000gram (8liv 13ons)
- Ou gen bon sipò pandan tranche-w ak doulè-w sou kontwòl
- Pwa-w rete nan mitan
- Sezaryèn anvan-an pat fèt akòz pwoblèm fòm zo ranch ou

Kilè ke APVAS gen mwens chans pou li reyisi?

- Ou pa ko janm gen yon akouchman vajinal (kouch nòm)
- Ou bezwen medikaman pou ka gen tranche
- Ou gen plis pase 35 an
- Ou gen tranche mwens ke 18 mwa depi dènye Sezaryèn ou an
- Ou pa finn asire si ou vle akouche vajinal (kouch nòm)
- Pwa tibebe-w la estime plis pas 4,000 gram (8 liv 13 ons)
- Ou entènè paske ou gen tranche bone (sa vle di doulè tranche-w yo pa fò ase epi kòl matris ou pa tèlman ouvè)
- Ou twò gwo
- Ou pa gen bon sipò oswa doulèw pa byen kontwòl
- Ou gen menm pwoblèm ki te fèw fè Sezaryèn la anvan-an



Risk nan APVAS

- Chans pou fè enfeksyon ogmante si-w te fè Sezaryèn aprè ke-w te deja kòmansé gen tranche (epi ou pa rive fè kouch nòm)
- Gen yon ti risk piti ke kouti nan matris la kote ou te fè Sezaryèn nan avan ka chire nan moman ou gen gwo tranche, se poutet-sa li rele evantrasyon matris
- Si yon evantrasyon matris ta rive w-ap bezwen yon Sezaryèn ijan
- Si yon evantrasyon matris ta rive-w, genyen yon chans ki pi wo ke dokte a oublije retire matris la pou sispan anpil senyen epi ou pap ka fè lòt timoun ankò.
- Si ou gen mal chans pou ta gen yon evantrasyon matris gen 1 chans sou 1,000 ke tibebe-a ka gen yon chòk nan sèvo oswa mouri

Chans pou evantrasyon matris se mwens pase 1 sou 100 (sa vle di ke sou chak 100 fanm ki fè APVAS, mwens ke 1 gen sa)

Risks nan Sezaryèn

Pou Manman:


- Sezaryèn se yon gwo operasyon, epi li gen menm risk ke tout operasyon genyen:
 - Infeksyon
 - Senyen ki grav ase pou lakòz ke yo retire matris-la, sa vle di ke ou pap ka fè timoun ankò
 - San ki fè boul ki ka bloke venn kote san ou pase-a epi boul san an al nan poumon-w oswa nan janm-ou
 - Bloke trip ou akòz de kouti nan operasyon-an
 - Gwo doulè ki dire lontan apre sezaryèn la
 - Entènè lopital pi lontan epi tou ogmante risk pou blije retounen lopital-la
- Bay reta nan kontak manman/pitit ak bay tete, fè tibebe a gen mwens chans pou li pran tete a

Pou Tibebe:

- Ka gen difikilte pou respire nan moman li fèk fèt
- Li ka gen kèk ti blese pandan operasyon-an

Gwosès pi devan:

- Ogmante risk pou evantrasyon matris-la
- Ogmante risk pou gwosès andeyò matris-la
- Ogmante risk pou mèt vant lan (plasanta a) mal plase
- Pwoblèm apre akouchman ki lakòz anpil senyman, ki kapab lakòz yo retire matris ou



Ti konsèy pou gen yon Sezaryèn an sekirite

- Resevwa antibyotik yo nan moman Sezaryèn la ap diminye chans pou ta fè enfeksyon (sa-a se nan prensip BMC, se sak fè se pa yon bagay ou bezwen mande)
- Leve e mache le pi vit posib apre Sezaryèn lan
- Asire-w ke doulè-a byen kontwòle apre Sezaryèn lan
- Kenbe moun ki baw sipò-a avèw anvan, pandan, e apre operasyon an
- Jwenn moun pou ede-w le ou lakay ou
- Kenbe tibebe-w la avè-w apre li fèt, kòmanse po-a-po epi bay tete le pi vit posib si se plan-w pou bay tete
- Mande èd lè w-ap bay tete si-w bezwen èd

Ti Konsèy Pou APVAS ou reyisi

- Evite pou pa gwosi twòp pandan gwosès ou
- Fè egzesis regilye epi kenbe mòdvi-w an santè
- Patisipe nan kou sou akouchman timoun
- Chwazi yon doktè pou moun ansent ki sipòte desizyon-w ke w-ap eseye fè yon APVAS
- Jwen yon moun ki pou ba-w bon sipò oswa yon asistan fanm sa aj ki gen fòmasyon pou sa
- Si tibebe-a pa nan pozisyon tèt anba, diskite ak yon doktè pou wè si-l te kapab eseye vire tibebe-a sou deyò
- Eseye tann tranche-a kòmanse pou kont li
- Ale nan lopital lè w gen kontraksyon ki fò anpil epi souvan
- Reyèlman kwè ke ou ka fè kouch nòmal
- Gen bon kontwòl sou doulè-a lè ou gen tranche
- Si-w santi ou fristre pandan wap pouse, eseye gen yon pwen final ki rezonab pou ka sispann. Si-w rive nan pwen sa-a, ou ka deside si-w pa vle kontinye
- Si se pa yon ijans, epi yo sijere-w Sezaryèn, poze kesyon si-w genyen yo
- Pran pasyans si ou gen plan pou fè yon APVAS

Kisa-w kapab espere pandan ou rete Lopital-la?

- Yo pral mande-w siyen yon fòm konsantman ki declare ke-w konprann risk ak benefis ki genyen nan APVAS, e ke ou vle eseye fè akouchman nòmal pa vajen
- Ou pral rankontre ak anèstezist-la pou diskite si ou vle epidural (chwa ou genyen pou medikaman doulè pandan ou gen tranche pa diferan paske ou te gen yon Sezaryen anvan)
- Si kòl matris ou pa ouvri anpil nou ka mete yon blad katetè sèvikal nan kòl matris ou pou ede-w komanse gen tranche, oswa nou ka ba-w Pitosen nan seròm nan pou ede-w komanse gen tranche
- Kontraksyon-w yo ak batman kè tibebe-a pral toujou sou siveyans pandan tout tan ou gen tranche-a

Yon APVAS ki planifye pa garanti ke ou pral ka evite yon lòt Sezaryèn



BOSTON
MEDICAL

CENTER

**One Boston Medical Center Place
Boston, MA**

**Telefòn: 617-414-2000
BMC.org/obgyn**